



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO REKÒ TRAJÈ METWO A NAN EPÒK PANDEMI AN KI ETABLISÉ NAN METWO VIL NEW YORK

Metwo te pote 3.497 milyon pasaje - total ki pi wo depi lè pandemi an te kòmanse

*Rekò a bat rekò anvan pandan pandemi an ki te 3,421 milyon pasaje ki te etabli an desanm 2021, epi li depase chif 3,491 milyon pasaje anvan pandemi an ki te etabli
13 mas 2020*

Gouvènè Hochul te anonse jodi a Metwo Vil Nouyòk la te etabli yon nouvo rekò pou trajè nan yon sèl jou depi epòk pandemik an nan jedi 5 me, ki te pote 3,497,122 pasaje. Dapre Otorite Transpò Metropoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, rekò sa a bat rekò anvan epòk pandemi an ki te etabli nan dat 9 desanm 2021 lè metwo a te pote 3.42 moun epi depase yon kantite pasaje avan pandemi ki se 3.491 milyon moun nan metwo a yo te obsève 13 mas 2020.

"Pandan n ap kontinye retou nou anba pandemi an epi n ap rete konsantre sou rann metwo nou yo vin pi an sekirite, nou ap kite etap difisil yo epi amelyore sou trajè metwo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Metwo a se fòs vital Vil New York epi nouvo etap enpòtan sa a voye yon mesaj solid ke New York ap tounen e li pi bon pase anvan."

Pou ankouraje trajè, MTA a deja lanse yon nouvo pwogram pilòt ki gen limit sou tarif ki rann tarif yo pi abòdab, pi fleksib. Limit sou pri tikè yo chak semèn atravè sistèm peman san kontak OMNY gen ladan yon karakteristik "Lucky 13", kote apati 13èm vwayaj chak semèn, chak vwayaj adisyonèl nan metwo oswa otobis yo gratis pou rès semèn sa a.

Anplis de sa a, MTA kontinye pwotokòl netwayaj ak sanitasyon san parèy li a pou asire ke sistèm lan an sekirite ke posib pou kliyan li yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Nouyòkè yo ap retounen nan sistèm nan paske transpò publik se pi bon fason pou deplase nan vil la epi ak opsyon limit tarif OMNY nou yo itilize sistèm nan pa te janm pi fasil anvan sa. An patenarya ak Gouvènè a, Majistra a ak NYPD, n ap abòde pwoblèm sekirite epi pasaje yo ap kòmanse reponn."

Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) Ia, Richard Davey, te deklare, "Transpò Vil New York ap travay 24 sou 24 pou amelyore sèvis, amelyore sistèm nan, epi ankouraje pasaje yo pou yo retounen nan transpò publik. Sèvis optimal, ogmante frekans tren yo, epi kenbe bon jan pèfòmans alè se objektif prensipal nou pandan n ap kontinye anboche operatè tren yo ak ranfòse sistèm transpò publik la pou pasaje ki retounen yo. Nouyòkè yo ap retounen nan transpò publik paske yo konnen se fason ki pi efikas, pratik pou anviwònman an, epi ki rantab pou deplase nan vil la."

Chèf Kliyan MTA a, Sarah Meyer te deklare, "Kantite pasaje k ap grandi sa yo montre Nouyòkè yo pare pou yon avni apre pandemi an pou vil nou an e sa vle di retounen nan sistèm transpò publik la. Nou kontinye koute vwa kliyan nou yo lè nou adrese enkyetid yo, amelyore sèvis yo, epi ankouraje pasaje yo itilize telefòn yo oswa kat peman yo pou yon vwayaj rapid nan destinasyon yo."

Anvan pandemi a, total deplasman nan jou lasemèn mwayen te depase 5.5 milyon nan sistèm metwo a pa woutin. Chif sa a te bese a 95 poustan a apeprè 300,000 vwayaj pa jou nan mwa avril 2020 pa akoz kantite ka COVID-19 te rive nan pik li nan zòn Vil New York. Anplwaye MTA yo te kontinye bay sèvis pou pwofesyonèl swen sante premye liy ak lòt travayè esansyèl ki te bezwen ale travay pandan kèk nan jounen ki te pi difisil nan listwa Vil New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418